

Kijan pwosesis chwa lekòl BPS yo fèt?

Yon Istwa Kout sou Chwa Lekòl nan BPS

An 1988, Komite Lekòl Boston lan te adopte Plan Chwa Kontwole pou Distribye Plas lekòl bay Elèv. Li te òganize lekòl primè yo ak lekòl mwayèn yo an twa zòn – Lès, Nò ak Lwès. Lekòl segondè yo se pou tout vil la. Elèv yo te gen dwa enskri nan lekòl ki nan zòn katye yo menmjantou ak anpil lòt lekòl ki sèvi tout vil la. Yo te tabli “pousantaj rasyal ideyal” rasyal/etnik nan chak zòn, pou reflekte popilasyon nan zòn kay elèv la.

Depi lè sa a, plan an te resevwa anpil modifikasyon. Men de sa yo ki te pi enpòtan an:

- An 2000-2001, ras/etnisite te elimine kòm faktè pou bay plas lekòl.
- An 2006-2007, yo ranplase fòmil ki te konn sèvi a ak yon lòt “algorithm”. Yo bay elèv yo plas lekòl dapre wotè pozisyon yo nan yon lis priyorite ki tabli deja.

Chwa Lekòl Jodiya

Pou lekòl primè ak mwayèn, distri a òganize an twa zòn jewografik (menm zòn ki te kreye an 1988 yo):



Elèv ki pral nan lekòl segondè gen dwa enskri nan nenpòt lekòl nan lavil la.

Fanmi ki gen elèv pou lekòl primè oswa mwayèn ka enskri pou:

- nenpòt lekòl ki nan zòn lakay yo
- nenpòt lekòl ki sèvi toupatou nan vil la “citywide”
- nenpòt lekòl kote yo ka mache ale lekòl apye “walk zone,” menm sila ki andeyò zòn lakay yo

Responsab Lekòl Piblik Boston yo sèvi ak yon fòmil matematik, yo rele “algorithm,” pou bay elèv plas lekòl yo.

Nan chak lekòl, nou bay plas yo dapre yon konbinezon faktè pou chak elèv ki enskri, pami yo:

- Peryòd yo enskri a (“round”)
- Priyorite (frè ak sè (sibling), zòn yo ka mache apye, etc.)
- Preferans fanmi an (chwa lekòl)
- Yon nimewo owaza yo bay chak elèv

Lè kantite enkripsyon pou yon lekòl depase kantite plas ki genyen, yo bay plas yo nan lòd sa a:

- Frè ak sè + zòn kote elèv la ka mache ale lekòl
- Frè ak sè
- Zòn yo ka mache (gen 50% plas yo)
- Nimewo owaza

Kisa ki se “prijorite”?

Prijorite frè ak sè. Pou ede fanmi yo rete ansanm nan yon menm lekòl, yo bay frè ak sè plas anpremye. Li enpòtan pou nou konprann frè ak sè pa gen plas *garanti* nan yon menm lekòl. Pafwa, tou plas nan lekòl la konn deja plen ak elèv ki te la kounyeya deja.

Zòn kote elèv la ka mache ale lekòl apye. Fanmi yo gen “zòn mache” nan nenpòt lekòl:

- primè ki nan yon distans “1 mile” ak kay timoun nan
- mwayèn ki nan yon distans “1½ miles” ak lakay li
- segondè ki nan yon distans “2 miles” ak lakay li

Elèv ki ap viv nan yon distans kote yo ka mache apye ale lekòl “walk zone” gen priyorite sou mwayèn plas lekòl la. Lòt mwayèn plas yo louvri pou tout elèv ki nan zòn jewografik la, pami yo sila ki ka mache apye yo.

Prijorite andiplis. Elèv ki fin fè Premye Ane yo nan yon lekòl matènèl gen priyorite pou ale nan Dezyèm Ane nan yon lòt lekòl apre frè ak sè epi elèv zòn mache yo fin jwenn plas.

Elèv 5èm Ane nan sis lekòl Roslindale K-5 gen priyorite pou ale nan 6èm Ane nan lekòl Irving apre frè ak sè fin jwenn plas. Elèv ki nan pwogram de-lang lekòl S. Greenwood, Hernández ak Hurley gen priyorite pou ale nan lekòl tounèf “Margarita Muñiz Academy” a. Elèv ki kalifye pou Kou Avanse “Advanced Work Class” gen priyorite pou AWC nan lekòl yo ye kounyeya anvan elèv enskri ki ap soti nan lòt lekòl.

Kisa ki se "nimewo owaza"?

- Chak elèv ki ap enskri pou lekòl resevwa yon "nimewo ki chwazi owaza" pa yon konpitè. (Plis yon nimewo owaza pi piti li "pi bon" pase yon gwo nimewo.)
- Nou ka di nimewo owaza sa a kapab sèvi pou "depataje" yon gwoup elèv ki gen menm priorite pou antre nan yon menm lekòl.

Lisdatant

- Si gen twòp moun ki enskri nan yon lekòl ki pa gen ase plas disponib,

non elèv la pral nan yon lisdatant.

- Elèv yo kapab nan twa lisdatant antou.
- Lisdatant lekòl yo pa gen limit nan longè.
- Pozisyon elèv la sou lisdatant la baze dapre priorite li nan lekòl sa a, nimewo owaza ak peryòd kote li te enskri a.
- Lisdatant la efase nan mwa janvyè ane annapre a.
- Nenpòt moun ki rete nan Boston kapab nan lisdatant apre lekòl fin louvri, menmsi elèv pa nan yon Lekòl Piblik Boston.

Chwazi epi Enskri nan Lekòl

Elèv yo dwe enskri nan lekòl si...

- ▶ yo fenk ap antre nan Lekòl Piblik Boston
- ▶ yo nan pi gran klas lekòl yo ye kounyeya genyen. Kindergarten, 6èm Ane, (kòmansman lekòl mwayèn) ak 9èm Ane (antre lekòl segondè) yo rele klas "tranzisyon" yo.

Pou ou ka plis chans jwenn lekòl ou vle a, nou ankouraje paran yo pou enskri pandan premye tou peryòd enkrripsyon pou klas timoun nan prale a.



Enskri nan lekòl etap pa etap:

1 Aprann sou chwa lekòl yo.

- Vizite sit entènèt BPS la epi klike sou "**What are my schools?**" pou wè yon lis ki fèt espre ak opsyon lekòl ou yo.
- Ale nan espozisyon "**Showcase of Schools**" ki òganize nan zòn ou a. Espozisyon an pèmèt ou konnen kisa yon pakèt lekòl ofri anba yon sèl tonèl epi ou ka pale tou ak direktè lekòl yo ansanm ak pwofesè yo.
- Vizite lekòl pandan tan yo mete apa pou resevwa paran "**School Preview Time**". Se pi bon moman pou ou pran sans "klima" lekòl la epi gade kijan elèv yo ap travay pou reyisit yo.
- **Aprann plis toujou** sou kisa chak lekòl ofri nan piblikasyon *Entwodui Lekòl Piblik Boston yo*, ki soti an janvyè. Li gen enfòmasyon sou chak lekòl BPS ansanm ak kijan pou enskri pou antre ladan yo. Kanè Eskolè Lekòl la bay enfòmasyon detaye sou chak lekòl. Ou ap jwenn yo nan Sant Resous Lafanmi yo oswa sou entènèt la nan bostonpublicschools.org/schools.

2 Mete tout dokiman ou ap bezwen pou enkrripsyon an ansanm.

Elèv Nouvo-nan-BPS dwe prezante dokiman sa yo:

- Batistè orijinal timoun nan (ak so anfonse), paspò oswa fòmilyè imigrasyon "Form I-94"
- Kanè vaksinasyon ajou timoun nan. Kontakte Biwo "BPS Health Services", nan 617-635-6788, si ou ta gen kesyon ou vle poze.
- Pyès idantifikasyon ak foto paran/responsab la
- Dènye kanè lekòl timoun nan (pou klas 1-12, si sa nesèsè)
- De prèv adrès tou enprime pou paran/moun responsab la. Yon lis prèv ki aseptab yo afiche nan bostonpublicschools.org/register.

3 Ranpli epi retounen aplikasyon an bay responsab yo.

Elèv Nouvo-nan-BPS dwe enskri nan yon **Sant Resous Lafanmi BPS**. Elèv ki deja nan BPS pral resevwa aplikasyon yo nan lekòl la.

ENPÒTAN: Pou ou gen tout chans pou antre nan youn pami lekòl ou vle yo, enskri byenbonè pandan premye peryòd ki rezève pou klas pitit ou a prale a:

- 3 janvyè–3 fevriye 2012 pou klas "tranzisyon" yo
- 8 fevriye–23 mas 2012 pou tout klas
 - ▶ Enskri alavans nan **BPSExpress!** Vizite sit wèb BPS la epi klike sou "On-Line Pre-Registration" – ki disponib depi 15 desanm. (Ou dwe toujou ale nan yon Sant Resous Lafanmi, men enkrripsyon alavans lan ap ede ou fè demach yo pi vit lè ou rive.)

Avi plasman an ap vin jwenn ou pa lapòs a peprè sis semenn apre chak peryòd enkrripsyon fèmen

